

Telechaje vèsyon eLearning nan ki ka itilize san entènèt epi anrejistre li sou yon òdinatè:

Byenvini

Anvan ou bay tibebe ak timoun vitamin A oubyen remèd vè (SAV+RV), fòk tout founisè sèvis yo, ni volontè yo, resevwa fòmasyon. Kle USB * sa gen kou SVA + RV eLearning nan ke founisè sèvis ka itilize pou byen fòm nan bay sèvis vitamin A ak remèd vè. Kòm kontak prensipal founisè sèvis la, ou dwe prepare ak distribye zouti aprantisaj sa yo.




Enstriksyon pou telechaje kou a

Pou ede ou telechaje kou SVA + RV eLearning nan sou USB a, nou prepare enstriksyon sa yo. Si ou gen nenpòt pwoblèm pou telechaje kou a, tanpri kontakte Elizabeth Hagee Zambrano.





Si ou deja gen dènye vèsyon kou a anregistre sou òdinatè ou, ale dirèkteman nan Etap 2: **Anregistre kou eLearning nan sou yon òdinatè**. Si òdinatè w lan gen yon lojisyèl diferan oubyen ou pa ka swiv enstriksyon ki anba yo, tanpri kontakte kontak Vitamin Angels ou an pou konsèy.

Etap 1: Telechaje dosye zip la sou Dropbox

Nan lyen Dropbox la, klike sou dosye zip la. W ap wè yon ekran ki di ou pa ka gade dosye a.




Inyore bouton ki di louvri. Olye de sa, ale nan kwen adwat ekran kote w ap jwenn twa pwen ki endike plis opsyon. Klike sou pwen yo epi w ap jwenn opsyon pou telechaje. Chwazi telechaje epi dosye a ta dwe otomatikman kòmanse telechaje nan kwen gòch nan navigatè entènèt ou a, oubyen l ap mande ou pou w apwouve telechajman, ke ou ta dwe aksepte.




*USB gen diferan non nan diferan peyi, pa egzanp thumb drive, zip drive, pen drive, epi flash drive.

Ekstrè dosye .zip la epi anregistre kou a sou òdinatè ou:


1. Lè dosye a fin telechaje, ou ka klike sou li epi yon fenèt ta dwe ouvri anlè nan ekran ak plizyè opsyon. Fè yon klik dwa sou dosye a epi klike sou "Extraire tout".



2. Apre sa, yon lòt fenèt ap mande pou w "Sélectionner une destination et extraire les fichiers". Chwazi pou anrejistre dirèkteman sou desktop ou oubyen nan yon lòt foldè. Remak: Microsoft gen yon limit nan chemen pou aksede ak dosye yo ki kòz erè epi ki pwal anpeche kou a fonksyone byen. Pou anpeche sa rive, li enpòtan pou w ekstrè dosye yo nan yon foldè pou chemen an ka pi kout ke posib. Nan egzanp ki anba yo, ou ka wè imaj sou bò gòch la montre yon chemen dosye trè long ak dosye yo ki anrejistre nan omwen 6 foldè lwen prensipal la. Dezyèm lan montre yon chemen dosye kout ak sèlman 4 foldè, chak gen yon non kout.




3. Apre ou chwazi foldè a epi klike sou bouton "extraire" a, dosye yo ap kòmanse transfere nan foldè ou chwazi a. Sa ka pran kèk minit pou tout dosye yo ekstrè ak anrejistre nan nouvo kote a.
4. Kou a anrejistre kounya sou òdinatè w epi ou ka ale sou desktop ou, oubyen lòt foldè ou te anrejistre dosye yo, epi ouvri kou a.




Etap 3: Ouvri kou a


1. Klike 2 fwa sou foldè ki rele "vitamin-angels-USB-windows_v1.1.0_ES" sou desktop ou ob byen nan foldè kote ou te anrejistre kou a.




2. Apre sa, klike 2 fwa sou dosye ki rele "Double Klike pou kòmanse" (PA KLIKE SOU foldè "appData").




3. Sa ap ouvri yon ekran nwa, ki montre aplikasyon an pwal ouvri. Ret tann lòt ekran parèt.




4. Pandan kou an ap ouvri, foto sa dwe parèt:




5. Apre aplikasyon an konplètman ouvri, paj Login/Chwazi yon Lang lan ap parèt. Nan nivo sa w ap chwazi yon lang epi enskri nan kou a.



6. Ekran ki vini apre a ap mande w ki kou ou vle pran. Klike sou "VITAMIN A + REMÈD VÈ".




7. Apre sa, l ap mande ou pou w enskri. Ranpli enfòmasyon nesèsè yo epi klike sou anrejistre.



Etap 4: Pran kou a

Apre ou fin enskri w ap klike sou chak seksyon ki parèt sou ekran pou w ka pran kou a:



Kou a anrejistre pwogrè ou otomatik lè ou klike nan chak seksyon. Ou ka pran kou a ak vitès pa ou epi ou ka kanpe nenpòt lè, jis fèmen kou a epi reouvri li pita. Lè ou reouvri li w ap gen opsyon pou kontinye kote ou te kanpe a oubyen kòmansman depi nan kòmansman.

Etap 5a: Telechaje Rezilta ak Entènèt

Si ou pa gen entènèt tanpri ale nan Etap 5b: Telechaje Rezilta San Entènèt.

Lè ou fin pran kou a, l ap mande w pou telechaje rezilta yo. W ap bezwen entènèt pou fè sa.

Lè ou fin pran kou a w ap wè ekran ki anba parèt. Asire bwat vè ki anlè adwat la di "anliy". Klike sou bouton "Telechaje Rezilta yo" swa nan meni sou bò gòch la oubyen nan gwo bwat ki nan mitan ekran. Si ou te gentan anrejistre rezilta yo epi ou reouvri kou a, ou ka jwenn aksè ak paj anba a oubyen klike sou "Telechaje Rezilta yo" nan meni an sou bò gòch:



← Bwat vè a dwe di "anliy"

Klike sou "Telechaje Rezilta yo" swa la oubyen la


Etap 5b: Telechaje Rezilta yo San Entènèt

Gen 2 fason pou telechaje rezilta yo si ou pa gen aksè ak entènèt nan biwo ou oubyen lakay ou. Premyèman, ou ka anrejistre enfòmasyon kou a sou USB a epi ale yon kote ki gen entènèt, tankou yon sibèkafè. Pou fè sa, konekte USB a nan yon òdinatè ki gen entènèt epi swiv etap ki nan 5a

Lòt chwa se eskane kòd QR ki enprime sou sètifika ou a. Pou fè sa, anregistre rezilta ou yo epi swiv enstriksyon ki nan **Etap 6: Enprime sètifika a**.

Etap 6: Enprime sètifika a.


Aprè rezilta yo anregistre, w ap jwenn opsyon pou w enprime yon sètifika. Klike sou bouton "Enprime Resi a" swa nan meni sou bò gòch la oubyen nan gwo bwat ki fikse anba sou bò dwat ekran an:



Klike sou "Enprime Resi a" swa la oubyen la


W ap jwenn yon nimewo sètifika ak yon lyen pou w enprime sètifika a. Klike sou "Enprime Resi a" epi kenbe li pou dosye ou, aprè sa enprime li. Si ou pa gen yon aparèy pou enprime, ekri nimewo sètifika a epi voye li bay kontak Vitamin Angels la. Nimewo sètifika sa ap itilize pou anregistre rezilta kou an.

Klike " enprime resi a"



Nimewo sètifika

Sètifika ap gen yon kòd QR enprime sou li ke ou ka itilize pou telechaje rezilta ou yo.






Altènativman, anrejistre sètifika sou fòm PDF, fè foto kòd QR la epi voye li bay kontak Vitamin Angels la. Men kèk egzanp sou ki jan pou anrejistre sètifika sou fòm PDF:

Nan ekran "Imprimer" a:

Nan ekran "Imprimer" a:

Nan ekran "Enregistrer sous":



Lòt Enfòmasyon

Plizyè patisipan ka pran kou a sou menm USB a epi ou ka fè plizyè kopi pou pataje kou eLearning nan. Ou ka kopye kou a sou lòt kle USB oubyen sèvi ak menm kle USB a sou plizyè òdinatè. Si plizyè patisipan ap itilize USB a pou pran kou a, chak patisipan dwe enskri epi pran kou a youn apre lòt.

Ankò, si ou gen nenpòt kesyon oubyen pwoblèm ak kou USB a, tanpri kontakte kontak Vitamin Angels ou an.

Mèsi

Ekip Vitamin Angels lan

Referans pou dezaktive antiviris:

<https://www.computerhope.com/jargon/a/antiviru.htm>

<https://www.computerhope.com/jargon/n/notiarea.htm>

<https://www.computerhope.com/issues/ch000864.htm>